



The Public Schools of Brookline

333 Washington Street, 5th Floor
Brookline, Massachusetts 02445
617.730.2401

Ben Lummis

Sipè-entandan Pwovizwa

25 novanm 2019

Chè fanmi,

Avèk sezon freda a ki deja rive sou nou, mwen vle pran opòtinite sa pou fè ou sonje mezi nou pral pran yo pou enfòmasyon ou sou nenpòt anilasyon oswa reta nan ouvèti lekòl ki gen pou wè ak tan an epi pou ba ou kèk egzanp sou jan nou pran desizyon pou fèmen lekòl la.

Lè move tan anonse, nou travay nan tèt ansanm ak travay piblik ak responsab sekirite piblik Brookline yo pou detèmine si anile oswa retade lekòl la jistifye. Nan travay ansanm, nou byen swiv previzyon meteyowolojik yo nan baze nou sou enfòmasyon Sèvis Meteyowolojik Nasyonal (National Weather Service) la bay. Si gwosè ak fòs tanpèt la prevwa ak yon gwo degre sètitud, lè sa a, n ap pran desizyon pou fèmen lekòl la anvan 8:00 pm nan aswè anvan yon jou lekòl. Si previzyon meteyowolojik mwens sèten, lè sa a, n ap tann epi pran yon desizyon (si genyen youn) nan maten annapre a, pa pita pase 5:30 am.

Après yon tanpèt ivè fin pase, Depatman Travay Piblik Brookline (Brookline Department of Public Works, DPW) ap kòmanse travay touswit pou rann wout yo san danje ak aksesib nan vil la. Anplis de netwayaj wout yo, nou konfye sou DPW pou retire nèj nan pakin lekòl la ak twotwa yo ozalantou lekòl nou yo pou pwofesè yo ka pake machin epi pou elèv yo ka rive lekòl san danje. Tou depann de kilè tanpèt la fini, pafwa netwayaj tanpèt sa ka kontinye nan yon dezyèm jou; sa ka lakòz lekòl la fèmen pou yon jou anplis pandan ekip DPW a kontinye ap travay san danje e san anpèchman. Vil la ka declare yon entèdiksyon pou pakin sa ki ap afekte desizyon nou si pou nou fèmen oswa pa fèmen lekòl la.

Yon fwa nou pran desizyon pou fèmen oswa retade lekòl la, nou enfòmasyon patnè medya nou yo, afiche enfòmasyon an sou sitwèb nou an, afiche yon mesaj sou kont Twitter ak Facebook nou epi voye notifikasyon an dirèkteman bay fanmi ak pèsonèl nou an atravè apèl telefòn otomatize ak imèl, Anba a w ap jwenn lyen pou sous sa yo:

Sitwèb	www.brookline.k12.ma.us
Twitter	@BrooklinePublic
Facebook	www.facebook.com/BrooklinePublicSchools
Radyo	WBZ (1030 AM)
Televizyon	WBZ (Kanal 4) www.wbz.com
	WCVB (Kanal 5) www.wcvb.com
	WHDH (Kanal 7) www.whdh.com
	WBTS (Kanal 10) www.nbcboston.com
	WFXT (Kanal 25) www.boston25news.com
	New England Cable News www.necn.com

Enfòmasyon sou yon ouvèti ki retade pou 2 èdtan ap pataje nan menm fason tankou yon anilasyon. Si ouvèti lekòl la dwe retade, elèv K-8 yo ta dwe rive lekòl oswa nan estasyon otobis yo a, de(2) èdtan pita ke lè nòmal la. Konpayi otobis nou yo ak brigadye nou yo ap okouran de reta a epi ap reòganize kalandriye yo an konsekans. Elèv nan lekòl segondè yo dwe refere ak [rezime](#) kalandriye BHS sa a nan ka ouvèti a retade.

Ou ka konsidere antre tou nan *Alert Brookline* pou resevwa notifikasyon enpòtan nan vil Brookline konsènan sitiyasyon dijans yo ki ka afekte rezidan Brookline yo:

<https://brookline.bbcportal.com/>

Kòm dabitid, priyorite nou se asire sekirite elèv yo ak pèsonèl la pou pataje enfòmasyon sou anilasyon oswa reta nan ouvèti yo avèk ou nan yon lè ki konvnab pou pèmèt ou menm ak fanmi ou pi byen prepare.

Sensèman,

Ben Lummis
Sipè-entandan Pwovizwa